



Ibibazo n'inyishu (vyerekeye ikumirana)

Ikibazo: Mbega tuvuze ugukumirana mutahura iki?

Inyishu: Ugukumira mumamuko vyasigura gushinga urugabano rutandukanya abantu n'abandi. Inyifato zijanye no kuvangura abantu zitwa ikumirana.

Ikibazo: None ugukumirana bihuriyehe n'ivya sida?

Inyishu: Abantu bagendana umugera wa sida usanga barabwa nabi kandi bagakumirwa. Uko gukumirana bibonekera muri vyinshi; twovuga nko mukazi, muvuyo kwivuzza, canke rimwe na rimwe bakanahebwa. Abana, baba barwaye sida canke atayo barwaye ariko abavyeyi babo bayirwaye, barabangamirwa cane n'inenwa be n'ikumirwa rifatiye kumugera wa sida. Akarorero ni abana bahindiwe hanze barirukanwa iwabo kubera abavyeyi babo bishwe na sida.

Ikibazo: Ni ryari twovuga ko umuntu yakumiriwe?

Inyishu: Abantu batari bake iyo babonye umurwayi wa sida baramutinya, abandi nabo bakamurenganya ntibamutunganirize, abandi bakumva bamwanse, abandi bakumva isoni, abandi nabo bakamunena.

Ikibazo: Ni kubera iki abantu banena canke bagakumira abagendana umugera wa sida?

Inyishu: Sida ni indwara iteye ubwoba; iyo niyo mvo nyamukuru ituma abantu bagira ubwoba canke bakigenza ukundi. Ubwakabiri, kubera ko sida ijanye n'ibihimba vy'irondeka, abantu benshi birabatera isoni kuyaga ivyerekeye sida.

Ikibazo: None iyo ni ingorane?

Inyishu: Egome. Kunena no gukumirana ni intambamyi zikomeye mukurwanya ico kiza. Iyo umuntu azi ko asanze arwaye sida baca bamunena bakamukumira, bimumuma ataja kwipimisha canke kwivuzza. Ivyo abantu biyumvira kuri sida biratuma batirukira kwa muganga. Igihe cose ugukumira no kunena bizoba bikiriho, abantu bazoguma bahakana ko batarwaye sida. Ntamuntu yifuza kwitaho ivya sida mugihe hari ibikorwa n'ivyiyumviro bibi kuri uwo mugera. Ivyo rero bituma umugera uguma urwirirana kandi bigatesha intege abariko barahanura bigisha abandi.

Ikibazo: None uwofata abarwaye sida bose akabashira ukwabo bonyene, sida ntiyoca izimangana?

Inyishu: Oya. Vyariyerekanye ko gukumirana nkuko kumugaragararo vyotuma kunena abarwaye sida vyiyongera, kandi ntamuntu yosubira kwemera kwipimisha kugutinya ko bose baca bamunena. Kwipimisha navyo bitakiriho, abandura boca barwirirana kuko ntawoba akimenya abarwaye canke abakomeye.

